## Демонстрационный вариант 2026 года

## Инструкция по выполнению работы

Экзаменационная работа по родной (адыгейской) литературе состоит из 2 частей.

На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).

Часть I включает в себя одно задание и представляет собой отрывок художественного текста и 3 вопроса к данному тексту.

Задания 1.1 и 1.2: необходимо ответить на вопросы в соответствии с содержанием текста (не менее 5 предложений).

Задание 1.3: необходимо сравнить два текста и написать ответ (не менее 8 предложений).

Часть II включает в себя одно задание: сочинение по заданной теме. Необходимо выбрать одну из четырех тем. Объем сочинения: не менее 200 слов.

Рекомендуется не более 1,5 часов отвести на выполнение заданий части I, а остальное время – на выполнение задания части II.

При выполнении заданий можно пользоваться черновиком. Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.

Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются. Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.

После завершения работы проверьте, чтобы ответ на каждое задание в бланке ответов был записан под правильным номером.

Желаем успеха!

Часть I

***Произведением щыщ пычыгъоу къэтыгъэм ЕДЖ ыкIи гъэцэкIэнхэу 1.1 – 1.3 шIых***

Адыгэ орэдхэр, пстэуми анахьэу Къаймэт къыIощтыгъэ орэдыжъ-гъыбзэжъхэр, Василь тэрэзэу зэхишIыкIыщтыгъэхэп, ащ ядэхагъэрэ акIуачIэрэ къыIон ымылъэкIынэу зэхэфыгъуаеу зэхишIыкIыщтыгъэ ныIэп. Ау Къаймэт къыIорэм ащыщэу зы орэд горэ Василь ыпсэ лъэшэу къыхаIэщтыгъэ. Ар ижъырэ мэлэхъо орэдыжъыгъ. Отэртесхэм къызэраIорэмкIэ, а лъэхъанри, а орэдыри зышIэрэр мэкIагъэ. ЦIэ гъэшIэгъонэу орэдым зэреджэщтыгъэхэри Василь джырэ нэси щыгъупшэжьыгъэп - «Ехъо-еш». Адыгэмэ зэралъытэщтыгъэмкIэ, а орэдым кIочIэ гъэшIэгъон хэлъыгъ: анахь чэщ ое бэлахьыми мэл Iэхъогъур зэрэгъэщтагъэу афэмыгъэсамбырыжьэу зыхъурэм, а орэдыр зызэхахырэм, зэкIэм мэсамбырыжьых аIощтыгъэ. Нафэба, апэрэмкIэ, ар Василь ышIошI хъугъэп, ау бэрэ пэмытэу ар шъыпкъэ фэдэу зэрэщытми еуцолIэжьын фаеу хъугъэ.

А орэдым иIоф гущыIэкIэ къызахахьэ нэуж мэфэ заулэ тешIагъэу, чэщым оешхо къэхъугъ: жьы фыртынэ лъэшым ощхыцэ мытIырхэр, мыжъуакIэм фэдэу, къыдзэу, лыуз къыфыригъэшIэу нэгум къыкIиупцIэу оешхуагъэ. Ащ мышъи къыхэхьажьыгъ: ое хьал-балыкъым хьахэми уаем зышIуагъэбылъыжьыгъэу, Iэхъогъум къекIуи зы мэл ыхьыгъ. Мэл Iэхъогъур зэригъэщтагъэу гур-гургу ыIоу зео-зечъэу афэмыгъэIэсэжьэу хъугъэ. Мэлахъохэр куохэзэ амакъэ икIыгъ. Джащ дэжьым мэл Iэхъогъоу зезэрэфэрэм ыгузэгу Къаймэт а орэдыр къыхидзагъ.

Василь гу зэрэлъитагъэмкIэ, а орэдым кIочIэ гъэшIэгъонэу иIэу зыфаIорэр къызхэкIыщтыгъэр ежь орэдыр арыгъэп, къызэраIорэ шIыкIэр арыгъэн фае нахь.

ЦIыфым илIыгъэрэ итеубытагъэрэ ое фыртынэ губжыгъэм пэуцугъэ фэдэу къыпщыхъущтыгъэ. Ащ дэжьми цIыфыр зэрэтекIуагъэр Васили нафэ фэхъугъ: мэлхэр самбырыжьыгъэх, зызэхаугъуаий, цIыфым хъураеу къеуцокIхи, зэтеуцуагъэх.

Хьайуанмэ язакъоп, ащ фэдэ къабзэу цIыфхэми а орэдым ыкIуачIэ зэхашIагъ.

***(КIэрэщэ Т. «Хьаджрэт»)***

***1.1 ыкIи 1.2 упчIэхэм яномерхэр гъэцэкIэнхэм яджэуап бланкым итхэх. Ащ ыуж упчIэ пэпчъ джэуап занкIэ ыкIи зэгъэкIугъэ къет (гущыIэухыгъэ 5 фэдиз хъоу). УишIошI къэптхы зыхъукIэ, авторым иеплъыкIэ къыдэлъыт. Уиджэуап бгъэлъэшыным пае, текстыр гъэфедэ (къэтыгъэм нэмыкIэу текст икъум ипычыгъо фэшъхьафхэр бгъэфедэн уфит).***
***Джэуапхэр IупкIэу, зэхэугуфыкIыгъэу, бзэм ихабзэхэмрэ ишапхъэхэмрэ адиштэу къэтх.***

**1.1**

**Сыда Къаймэт орэдыжъэу къыIуагъэм къарыу къыхэзылъхьагъэр?**

**1.2**

**Сыда Василь ащ фэдизэу Къаймэт изекIуакIэхэр ыгу къызыкIинагъэр?**

***1.3 гъэцэкIэным иджэуап бланкым упчIэм иномер итх. Ащ ыуж зэгъэкIугъэу джэуап занкIэ къет (гущыIэухыгъи 8 фэдиз хъоу). ГъэцэкIэным унашъоу къытрэм тетэу текст зэхэфыныр къэшI. УишIошI къэптхы зыхъукIэ, авторым иеплъыкIэ къыдэлъыт. Уиджэуап бгъэлъэшыным пае, текстхэр гъэфедэх (къэтыгъэхэм анэмыкIэу текст икъухэм япычыгъо фэшъхьафхэр бгъэфедэнхэ уфит)***
***Джэуапыр IупкIэу, зэхэугуфыкIыгъэу, бзэм ихабзэхэмрэ ишапхъэхэмрэ адиштэу къэтх.***

**1.3**

**КIэрэщэ Тембот иповестэу «Хьаджрэт» щыщ пычыгъомрэ Iэшъынэ Хьазрэт ирассказэу «Нысэщэ орэд» щыщ пычыгъомрэ зэгъапшэх. Орэдым адыгэм игъашIэ сыд фэдэ чIыпIа щиубытырэр?**

«Орэдым зыкIыригъэщымэ шхончыр агъаозэ, къоджэ урамым къырычъэхэ хъумэ, амакъэ зэхимыхыжь охъуфэ ядэIуныр Айтэч икIас. Орэдыр къыздиIукIрэ лъэныкъом ынэIу гъэзагъэу ари мэдаIо, ау нэчапэкIэ нэнэжъыми къеплъы, ащ зызэришIырэр шIогъэшIэгъон дэд, сыда пIомэ илъэс тIокIиплI ымыныбжьэу, нысакIэм фэдэу къэхъу, дунаир щэгъупшэжьы, джарыщт ищэ къызфикIырэри… Ащ фэдэу зэп, тIоп, пчъагъэрэ къыхэкIы…

Нэнэжъыр моу зиIэтыни быбыщтым фэдэу ышъхьэ ыпэкIэ щэигъэу пчъэIупэм Iут, орэд макъэр къыздиIукIрэ лъэныкъомкIэ маплъэ. Гъэнэфагъэу ащ уни, щагуи бэшIагъэу ыбгынагъэх, ыгукIэ чыжьэу зыгорэм щыI. Пчыхьэ мэзэгъо рэхьатыр къызэтырачэу шъузыщэ орэдыр кIалэмэ къаIо, зэралъэкI, ау «дахэр къэтэщэ» зыфиIорэ гущыIитIум нэмыкI а орэдыми хэмылъым фэд. Шхончыр къэо, етIупщыгъэу къэо, мэшIотхьабзэр мэзахэм щэустхъо, кIалэр

нэнэжъым исэмэгукIэ гот, ащ ыгу еужьырэу къызэрэтеорэр зэхешIэ, ежь псыгъоу, ыбг зэпыпхыкIыгъэу щыт. ЗэныбжьыкIэм лъэшэу нэнэжъ дэхагъэу аIо…

Ащ фэдэу пчыхьэрэ шъузыщэ орэдым унэм къызырищрэ ужым нысэ къызфащагъэр зэригъашIэмэ шIоигъоу нэнэжъыр кIэупчIэу фежьэ. Анахь дахэу орэд къызфаIуагъэр хегъэунэфыкIы. Ащ фэдэр насыпышIо хъущтэу еIо. ЗыгорэкIэ «орэдым елъытыгъ пшIошIа насыпыр» къезыIон къыкъокIмэ, фидахэрэп».

***(Iэшъынэ Хь. «Нысэщэ орэд»)***

## Часть II

***ЯтIонэрэ Iахьым иунашъо гъэцэкIэгъэным пае, сочинение темэу къэтыгъэхэм <u>ЗЫ</u> къахэх (2.1-2.4). Джэуап бланкым темэу къыхэпхыгъэм иномер итх ыкIи гущыIэ 200 нахь мымакIэу сочинение къэтх (сочинениер гущыIэ 200-рэм нахь макIэ зыхъукIэ, баллэу 0 къэпхьыщт).***
***Авторым иеплъыкIэ (лирикэм фэгъэхьыгъэ сочинением - авторым игухэлъ) къыдэплъытэзэ уишIошIхэр къэтх.***
***Литературнэ произведениер гъэфедээ (лирикэм фэгъэхьыгъэ сочинением уситIу нахь мымакIэу къыщызэхэпфын фае), уитезисхэр къэушыхьатыжьых.***
***Произведениер къызэхэпфы зыхъукIэ, литературэ теорием ипонятиехэр гъэфедэх.***
***Сочинением икомпозицие гъэпсы. Сочинениер IупкIэу, зэхэугуфыкIыгъэу, бзэм ихабзэхэмрэ ишапхъэхэмрэ къыдэплъытэзэ къэтх.***

**2.1**

**Къаймэт - цIыфыгъэм иухъумакIу.**

**2.2**

**Псыхъом икъэтхыхьанкIэ Хьаткъо Ахьмэд гупшысэу къыгъэущхэрэр.**

**2.3**

**Заом икъин адыгэ тхакIомэ къызэрагъэлъагъорэр.**

**2.4**

**Хэгъэгу шIулъэгъур адыгэ усакIомэ къызэрагъэлъагъорэр.**